

# Health Care Proxy (Pwokirasyon pou Swen Sante)

---

## *Fason pou Deziyen Ajan Swen Sante Ou nan Eta New York*

*Lwa New York sou Health Care Proxy pèmèt ou deziyen yon moun ou fè konfyans — pa egzanp, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pwòch ou — pou pran desizyon sou swen sante ou pou ou si ou pèdi kapasite pou pran desizyon yo poukont ou. Lè ou deziyen yon ajan swen sante, ou kapab asire pwofesyonèl swen sante ou ap respekte tout sa ou mande yo. Ajan ou kapab deside tou fason sa ou vle yo aplike kòm chanjman nan eta sante ou. Lopital yo, doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo dwe respekte desizyon ajan ou tankou si se te desizyon ou pran poukont ou. Ou ka bay moun ou chwazi kòm ajan swen sante ou yon ti otorizasyon oswa anpil otorizasyon ou vle. Ou ka kite ajan ou pran tout desizyon oswa sèten desizyon sou swen sante ou. Ou ka bay ajan ou enstwiksyon tou, epi li dwe swiv enstwiksyon yo. Ou kapab itilize fòm sa a pou ekri tou sa ou vle yo oswa enstwiksyon ou yo anrapò avèk don ògàn ak/oswa don tisi.*

## 2 Enfòmasyon sou Fòm Health Care Proxy

Dokiman sa a se yon dokiman legal ki enpòtan. Anvan ou siyen dokiman sa a, ou ta dwe konprann enfòmasyon ki anba la yo:

1. Fòm sa a bay moun ou chwazi kòm ajan ou otorizasyon pou pran tout desizyon sou swen sante pou ou, ansanm ak desizyon pou retire oswa pou ba ou tretman pou sipòte lavi ou, sof si ou di lòt bagay nan fòm sa a. “Swen sante” vle di nenpòt tretman, sèvis oswa pwosedi pou dekouvri ki maladi ou genyen oswa pou trete pwoblèm sante fizik ou oswa pwoblèm sante mantal ou.
2. Sof si ajan ou konnen sa ou vle yo yon fason rezonab konsènan nitrisyon atifisyèl ak idratasyon (manje ak dlo yo ba ou nan yon sond alimantasyon oswa nan yon liy ki tache nan venn ou), li p ap jwenn pèmasyon pou refize oswa aksepte mezi sa yo pou ou.
3. Ajan ou ap kòmanse pran desizyon yo pou ou lè doktè ou detèmine ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou poukont ou.
4. Ou ka ekri sou fòm sa a kèk egzanp kalite tretman ou pa ta vle swiv ak/oswa tretman ou vle asire w ap resevwa. Yo kapab itilize enstwiksyon yo pou limite pouvwa desizyon ajan an. Ajan ou dwe swiv enstwiksyon ou lè l ap pran desizyon yo pou ou.
5. Ou pa bezwen yon avoka pou ranpli fòm sa a.
6. Ou ka chwazi nenpòt adilt (ki gen laj 18 tan oswa plis), tankou yon manm fanmi ou oswa yon zanmi pwòch ou pou vin ajan ou. Si ou chwazi yon doktè kòm ajan ou, doktè a ap gen pou chwazi ant aji kòm ajan ou oswa kòm doktè k ap trete ou, paske yon doktè pa kapab fè toulède alafwa. Epi tou, si ou se yon pasyan oswa si ou se yon rezidan nan yon lopital, nan yon mezon retrèt oswa nan yon sant sante mantal, genyen restwiksyon espesyal sou fason pou deziyen moun k ap travay nan sant medikal sa a kòm ajan ou. Mande anplwaye ki nan sant medikal la pou eksplike ou restwiksyon sa yo.
7. Anvan ou deziyen yon moun kòm ajan sante ou, diskite sou sa avèk li pou asire li vle pran desizyon pou ou kòm ajan ou. Fè moun nan konnen ou chwazi li pou vin ajan swen sante ou. Diskite sou sa ou vle nan swen sante ou ak sou fòm sa a avèk ajan ou. Pa bliye ba moun nan yon kopi ou siyen. Ou pa kapab pouswiv ajan ou lajistis pou desizyon li pran yo onètman.
8. Si ou deziyen madanm/mari ou kòm ajan swen sante ou, epi apre ou vin divòse oswa separe legalman avèk li, ansyen madanm/mari ou pa kapab ajan ou ankò dapre lalwa, sof si ou endike lòt bagay. Si ou ta renmen pou ansyen madanm/mari ou toujou rete ajan ou, ou ka note sa sou fòm ou genyen an epi mete dat nan fòm nan, oswa ranpli yon lòt fòm pou deziyen ansyen madanm/mari ou.
9. Menmsi ou siyen fòm sa a, ou gen dwa pou pran desizyon sou swen sante ou poukont ou depi ou kapab fè sa, epi tou yo pa kapab ba ou tretman oswa yo pa kapab sispann tretman ou si ou pa dakò, ni ajan ou p ap gen okenn pouvwa pou pa dakò.
10. Ou ka anile otorizasyon ou bay ajan ou. Pou fè sa, ou dwe fè ajan ou oswa pwofesyonèl swen sante ou konnen sa aloral oswa alekri.
11. Ou libelibè pou deziyen yon ajan swen sante. Pèsòn pa kapab egzije pou deziyen youn.
12. Ou ka fè konnen tout sa ou vle yo oswa enstwiksyon yo konsènan don ògàn ak/oswa tisi sou fòm sa a.

# Kesyon Moun Poze Souvan

## **Poukisa mwen ta dwe chwazi yon ajan swen sante?**

Si ou vin pa kapab, menm pou yon ti tan, pou pran desizyon sou swen sante ou, yon lòt moun dwe deside pou ou. Pwofesyonèl swen sante yo souvan kontakte manm fanmi yo pou jwenn konsèy. Manm fanmi yo ka fè konnen sa yo panse ou vle yo ki asosye avèk yon tretman patikilye. Deziyasyon yon ajan ap pèmèt ou kontwole tretman medikal ou lè ou:

- kite ajan ou pran desizyon sou swen sante sou non ou jan ou ta vle yo deside;
- chwazi yon moun pou pran desizyon sou swen sante ou paske ou panse moun nan ta pran pi bon desizyon yo;
- chwazi yon moun pou evite konfli oswa konfizyon pami manm fanmi yo ak/oswa lòt moun enpòtan yo.

Ou ka deziyen yon ajan ranplasan tou pou pran kontwòl si premye chwa ou fè a pa kapab pran desizyon yo pou ou.

## **Kimoun ki ka yon ajan swen sante?**

Nenpòt moun ki gen laj 18 tan oswa plis kapab yon ajan swen sante. Moun ou deziyen kòm ajan ou oswa ajan ranplasan ou pa kapab siyen kòm yon temwen sou fòm Health Care Proxy ou.

## **Kijan pou mwen deziyen yon ajan swen sante?**

Tout adilt konpetan, ki gen laj 18 tan oswa plis, kapab deziyen yon ajan swen sante depi yo siyen yon fòm ki rele Health Care Proxy. Ou pa bezwen yon avoka oswa yon notè, ou senpleman bezwen de adilt (2) temwen. Ajan ou pa kapab siyen kòm yon temwen. Ou kapab itilize fòm ki enprime la a, men ou pa gen obligasyon pou itilize fòm sa a.

## **Kilè ajan swen sante mwen ta kòmanse pran desizyon sou swen sante pou mwen?**

Ajan swen sante ou ta kòmanse pran desizyon sou swen sante ou apre doktè ou deside ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou poukont ou. Toutotan ou kapab pran desizyon yo sou swen sante ou poukont ou, w ap gen dwa pou fè sa.

## **Ki desizyon ajan swen sante mwen kapab pran?**

Sof si ou limite otorizasyon ou ba ajan swen sante

ou, ajan ou ap kapab pran nenpòt desizyon ou ta ka pran sou tretman ou si ou te kapab pran desizyon yo poukont ou. Ajan ou kapab dakò ou ta dwe resevwa tretman, fè yon chwa pami diferan tretman yo, epi deside si yo pa ta dwe ba ou tretman yo, annakò avèk tout sa ou vle yo ak enterè ou. Men, ajan ou kapab sèlman pran desizyon sou nitrisyon atifisyèl ak idratasyon (manje ak dlo yo bay nan sond alimantasyon oswa nan enjeksyon nan venn) si li konnen sa ou vle yo nan sa ou te di oswa nan sa ou te ekri. Fòm Health Care Proxy a pa bay ajan ou pouvwa pou pran desizyon ki pa konsène sante pou ou, tankou desizyon finansye.

## **Poukisa mwen bezwen deziyen yon ajan swen sante si mwen jèn epi an sante?**

Deziyasyon yon ajan swen sante se yon bon lide menmsi ou pa yon granmoun aje oswa menmsi ou pa gen yon maladi ki nan dènye etap. Yon ajan swen sante kapab pran desizyon sou non ou si ou menm vin pa kapab pran desizyon yo sou sante ou poukont ou pandan yon ti tan (tankou sa ta ka rive si ou anba anestezi jeneral oswa si ou vin nan koma akòz yon aksidan). Lè ou vin kapab pran desizyon ankò sou swen sante ou poukont ou, ajan swen sante ou p ap gen otorizasyon pou pran desizyon yo pou ou ankò.

## **Kijan ajan swen sante mwen ap pran desizyon yo?**

Ajan ou dwe swiv tout sa ou vle yo, epitou li dwe swiv konviksyon moral ou ak kwayans relijye ou. Ou ka ekri enstwiksyon yo sou fòm Health Care Proxy ou oswa ou ka senpleman diskite sou yo avèk ajan ou.

## **Kijan ajan swen sante mwen ap konnen sa mwen vle yo?**

Si ou fè yon diskisyon libelibè ak serye sou sa ou vle yo avèk ajan swen sante ou sa ap mete li nan yon pi bon pozisyon pou satisfè enterè ou yo. Si ajan ou pa konnen sa ou vle yo oswa konviksyon ou yo, ajan ou gen obligasyon legal pou pran desizyon ki nan pi bon enterè ou. Paske sa se yon gwo responsablite pou moun ou deziyen kòm ajan swen

## Kesyon Moun Poze Souvan, *kontinye*

sante ou, ou ta dwe fè yon diskisyon avèk moun nan konsènan ki kalite tretman ou ta vle oswa ou pa ta vle anba plizyè kalite sikonstans diferan, tankou:

- si ou vle yo kòmanse/kontinye/retire sipò lavi si ou nan yon koma pèmanan;
- si ou ta vle yo kòmanse/kontinye/retire tretman yo si ou gen yon maladi ki nan etap final;
- si ou ta vle yo kòmanse/ranvwaye oswa kontinye oswa retire nitrisyon atifisyèl ak idratasyon epi anba ki kalite sikonstans.

### **Èske ajanswensantemwenkapabanileenstwiksyon sou sa mwen vle yo oswa enstwiksyon mwen yo anvan tretman an?**

Non. Ajan ou gen obligasyon pou pran desizyon ki baze sou sa ou vle yo. Si ou fè konnen sa ou vle yo an patikilye aklè, oswa si ou te bay enstwiksyon patikilye sou tretman an, ajan ou gen responsablite pou swiv sa ou vle yo oswa enstwiksyon yo sof si li gen yon baz rezonab pou kwè sa ou vle yo te chanje oswa pa aplike pou sikonstans yo.

### **Kimoun k ap fè atansyon a ajan mwen?**

Tout lopital yo, kay retrèt yo, doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo gen obligasyon legal pou bay ajan swen sante ou menm enfòmasyon yo ta ba ou epitou yo gen obligasyon pou respekte desizyon ajan ou pran yo tankou si se ou ki te pran desizyon yo. Si yon lopital oswa yon kay retrèt pa dakò avèk kèk chwa tretman (tankou retire sèten tretman) yo dwe fè oumenm oswa ajan ou konnen ANVAN oswa nan moman admisyon ou, si li posib yon fason rezonab.

### **Kisa pou mwen fè si ajan swen sante mwen pa disponib lè li dwe pran desizyon yo?**

Ou ka deziyen yon ajan ranplasan pou pran desizyon yo pou ou si ajan swen sante ou pa disponib, si li pa kapab oswa si li pa vle pran desizyon yo lè li dwe fè sa. Sinon, pwofesyonèl swen sante yo ap pran desizyon yo pou ou ki respekte enstwiksyon ou te bay pandan ou te toujou kapab fè sa. Nenpòt enstwiksyon ou ekri sou fòm Health Care Proxy ou ap gide pwofesyonèl swen sante yo nan sikonstans sa yo.

### **Kisa pou mwen fè si mwen chanje lide?**

Li fasil pou anile Health Care Proxy ou, pou chanje moun ou te chwazi kòm ajan swen sante ou oswa pou chanje nenpòt enstwiksyon oswa limit ou te mete nan fòm nan. Senpleman ranpli yon lòt fòm. Answit, ou ka endike pou Health Care Proxy ou ekspire nan yon sèten dat oswa si sèten evènman rive. Sinon, Health Care Proxy a ap valab pou toutan. Si ou chwazi madanm/mari ou kòm ajan swen sante ou oswa kòm ajan ranplasan swen sante ou, epi ou divòse oswa ou separe legalman, deziyasyon ou fè a ap anile otomatikman. Men, si ou ta renmen pou ansyen madanm/mari ou rete ajan ou, ou ka note sa sou fòm ou genyen an epi ou ka mete dat nan fòm nan, oswa ou ka ranpli yon lòt fòm pou deziyen ansyen madanm/mari ou.

### **Èske ajanswen sante mwen kapab gen obligasyon legal pou desizyon li pran yo sou non mwen?**

Non. Ajan swen sante p ap gen obligasyon legal pou desizyon li pran pou sou swen sante ou avèk bon volonte li sou non ou. Epitou, li pa kapab gen obligasyon legal pou depans pou swen sante ou, senpleman paske li se ajan ou.

### **Èske yon Health Care Proxy se menm bagay avèk yon testaman byolojik?**

Non. Yon testaman byolojik se yon dokiman ki bay eksplikasyon espesyal konsènan desizyon sou swen sante ou. Ou ka mete enstwiksyon sa yo sou fòm Health Care Proxy ou. Health Care Proxy ou ap pèmèt ou chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon sou non ou. Kontrèman ak yon testaman byolojik, yon Health Care Proxy pa oblije ou konnen davans tout desizyon ki ka gen pou pran yo. Olye sa, ajan swen sante ou kapab entèprete sa ou vle yo lè sikonstans medikal yo chanje epi li kapab pran desizyon ou pa kapab pa t konnen li te ta pran.

### **Ki kote mwen ta dwe mete fòm Health Care Proxy mwen apre mwen siyen li?**

Bay yon kopi pou ajan ou, doktè ou, avoka ou ak nenpòt lòt manm fanmi oswa zanmi pwòch ou vle. Mete yon kopi nan bous ou oswa ansanm avèk lòt papye enpòtan, men pa nan kote moun pa kapab jwenn, tankou yon kòfrefò. Pote yon kopi si ou entène nan lopital, menm pou ti operasyon, oswa si w ap fè operasyon kòm pasyan ki pa entène.

### **ÈskemwenkailizefòmHealthCareProxykonsènan**

## Kesyon Moun Poze Souvan, *kontinye*

### **don ògàn ak/oswa tisi?**

Wi. Itilize seksyon don ògàn ak tisi ki pa obligatwa sou fòm Health Care Proxy epi sonje pou fè de (2) moun sèvi ou temwen pou seksyon an. Ou ka presize ògàn ak/oswa tisi ou yo dwe itilize pou fè grèf, rechèch oswa edikasyon. Ou ta dwe note nenpòt limit (yo) ki asosye avèk tout sa ou vle nan seksyon pwokirasyon sa a. **Si ou pa mete tout sa ou vle yo ak enstwiksyon yo sou fòm Health Care Proxy ou sa p ap vle di ou pa vle pou fè don yon ògàn ak/oswa tisi.**

### **Èske ajans swen sante mwen kapab pran desizyon yo**

### **pou mwen konsènan don ògàn ak/oswa tisi?**

Wi. Apati 26 out 2009, ajan swen sante ou gen otorizasyon pou pran desizyon yo apre lanmò ou, men sèlman desizyon ki konsène don ògàn ak/oswa tisi. Ajan swen sante ou dwe pran desizyon yo jan sa note sou fòm Health Care Proxy ou.

### **Kimoun ki kapab bay konsantman pou yon don si mwen chwazi pou pa endike sa mwen vle yo nan moman sa a?**

Li enpòtan pou note tout sa ou vle yo konsènan don ògàn ak/oswa don tisi ba ajan swen sante ou, moun ou deziyen kòm ajan desandan ou, si ou te deziyen youn, ak manm fanmi ou yo. Lwa New York bay yon lis moun ki gen otorizasyon pou bay konsantman pou don ògàn ak/oswa tisi sou non ou. Lis la prezante nan lòd priyorite: ajan swen sante ou; ajan zansèt ou; madanm/mari ou; si ou pa separe legalman, oswa patnè nan kay ou; yon pitit gason oswa yon piti fi ki gen laj 18 tan oswa plis; nenpòt nan paran ou yo; yon frè oswa sè ki gen laj 18 tan oswa plis; yon responsab legal yon tribinal deziyen anvan lanmò moun k ap fè don an.



# Eksplikasyon nan Fòm Health Care Proxy

## Enfòmasyon (1)

Ekri non, adrès kay ak nimewo telefòn moun ou chwazi kòm ajan ou.

## Enfòmasyon (2)

Si ou vle deziyen yon ajan ranplasan, ekri non, adrès kay ak nimewo telefòn moun ou chwazi kòm ajan ranplasan ou.

## Enfòmasyon (3)

Health Care Proxy ou ap rete valab pou toutan sof si ou fikse yon dat ekspirasyon oswa kondisyon pou li ekspire. Seksyon sa a pa obligatwa epi ou ta dwe ranpli li sèlman si ou vle pou Health Care Proxy ou ekspire.

## Enfòmasyon (4)

Si ou gen eksplikasyon espesyal pou ajan ou, ekri yo la a. Epitou, si ou vle limite otorizasyon ajan ou nan nenpòt fason, ou ka di sa la a oswa ou ka diskite sou yo avèk ajan swen sante ou. Si ou pa endike okenn limit, ajan ou ap gen otorizasyon pou pran tout desizyon ou ta ka pran sou swen sante ou, ansanm avèk desizyon pou dakò avèk tretman pou sipòte lavi ou oswa pou bay refi pou sa.

Si ou vle bay ajan ou plis otorizasyon, ou ka fè sa sou fòm nan. Senpleman ekri: *Mwen te diskite sou sa mwen vle yo avèk ajan swen sante mwen ak ajan ranplasan swen sante mwen, epi yo konnen sa mwen vle yo ansanm avèk nitrisyon ak idratasyon atifisyèl.*

Si ou vle bay plis eksplikasyon espesyal, ou kapab di:

*Si mwen vin gen yon maladi ki nan etap final, mwen vle/pa vle resevwa kalite tretman sa yo....*

*Si mwen nan yon koma oswa si mwen gen ti konsyans pou konprann, san lespwa pou mwen refè, lè sa a, mwen vle/pa vle kalite tretman sa yo:....*

*Si mwen gen domaj nan sèvo oswa yon maladi nan sèvo ki lakòz mwen pa kapab rekonèt moun oswa ki lakòz mwen pa kapab pale epi si pa gen lespwa pou maladi mwen amelyore, mwen vle/pa vle kalite tretman sa yo:....*

*Mwen te diskite avèk ajan mwen sou sa mwen vle yo*

*konsènan \_\_\_\_\_ epitou mwen vle pou ajan mwen pran tout desizyon yo sou mezi sa yo.*

Kèk egzanp tretman medikal sou sa ou ka vle pou bay eksplikasyon espesyal pou ajan ou endike anba la

a. Lis sa a pa yon lis ki konplè:

- respirasyon atifisyèl
- manje ak idratasyon atifisyèl (manje ak dlo yo bay nan sond alimantasyon)
- re-animasyon kadyo-respiratwa (CPR)
- medikaman kalman
- terapi avèk chòk elektrik
- antibyotik
- pwosedi chirijikal
- dyaliz
- grèf
- transfizyon san
- avòtman
- esterilizasyon

## Enfòmasyon (5)

Ou dwe mete dat nan fòm Health Care Proxy sa a epitou ou dwe siyen li. Si ou pa kapab siyen poukont ou, ou ka mande yon lòt moun pou siyen li an prezans ou. Pa bliye mete adrès ou.

## Enfòmasyon (6)

Ou ka endike sa ou vle yo oswa eksplikasyon konsènan don ògàn ak/oswa tisi nan fòm sa a. Lwa New York prevwa sèten moun ki nan lòd priyorite pou bay konsantman yo pou yon don ògàn ak/oswa tisi sou non ou: ajan swen sante ou, ajan zansèt ou, madanm/mari ou, si ou pa separe legalman, oswa patnè nan kay ou, yon pitit gason oswa yon piti fi ki gen laj 18 tan oswa plis, nenpòt nan paran ou yo, yon frè oswa sè ki gen laj 18 tan oswa plis, yon responsab legal yon tribinal deziyen anvan lanmò moun k ap fè don an.

## Enfòmasyon (7)

De (2) temwen ki gen laj 18 tan oswa plis dwe siyen fòm Health Care Proxy sa a. Moun ajan ou oswa ajan ranplasan ou deziyen an pa kapab siyen kòm temwen.

# Health Care Proxy

**(1) Mwen,** \_\_\_\_\_

deziyen \_\_\_\_\_

*(non, adrès kay ak nimewo telefòn)*

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

*kòm ajan swen sante mwen pou pran nenpòt ak tout desizyon sou swen sante pou mwen, sof nan limit mwen endike lòt bagay. Pwokirasyon sa a fèt pou anvigè sèlman lè ak si mwen vin anmezi pou pran pwòp desizyon mwen yo pou swen sante mwen.*

**(2) Pa obligatwa: Ajan Ranplasman**

Si moun mwen deziyen an pa anmezi, pa vle, oswa pa disponib pou aji kòm ajan sante mwen, nan fòm sa a, mwen deziyen \_\_\_\_\_

*(non, adrès kay ak nimewo telefòn)*

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

*kòm ajan swen sante mwen pou pran nenpòt ak tout desizyon sou swen sante pou mwen, sof nan limit mwen endike lekonntrè.*

**(3)** Sof si mwen anile li oswa mwen endike yon dat espirasyon oswa sikonstans k ap fè li ekspire, pwokirasyon sa a fèt pou rete anvigè pou toutan. *(Pa Obligatwa: Si ou vle pou pwokirasyon sa a ekspire, endike dat la oswa kondisyon yo la a.)* Pwokirasyon sa a fèt pou ekspire *(endike dat la oswa kondisyon yo):* \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**(4) Pa obligatwa:** Mwen mande ajan swen sante pou pan desizyon pou swen sante yon fason ki konfòm avèk sa mwen vle yo ak limit yo, jan li konnen an oswa jan sa endike anba la a. *(Si ou vle limite otorizasyon ajan ou pou pran desizyon pou swen sante pou ou oswa pou bay enstwiksyon espesifik, ou kapab endike sa ou vle yo oswa limit yo la a.)* Mwen mande ajan swen sante mwen pou pran desizyon yo sou swen sante mwen dapre limit sa yo ak/oswa enstwiksyon sa yo *(tache lòt paj si li nesèsè):* \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Pou ajan ou kapab pran desizyon pou swen sante pou ou konsènan nitrisyon ak idratasyon atifisyèl *(manje ak dlo yo ba ou nan sond alimantasyon oswa nan liy ki tache nan venn ou)*, ajan ou fèt pou konnen sa ou vle yo yon fason rezonab. Ou kapab swa fè ajan ou konnen sa ou vle yo, oswa ou kapab mete yo nan seksyon sa a. Gade enstwiksyon yo pou jwenn modèl langaj ou ta ka itilize si ou chwazi pou mete sa ou vle yo nan fòm sa a, ansanm avèk sa ou vle yo konsènan nitrisyon ak idratasyon atifisyèl.

**(5) Idantifikasyon ou** (*tanpri ekri an lèt detache*)

Non Ou \_\_\_\_\_

Siyati Ou \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

Adrès ou \_\_\_\_\_

**(6) Pa Obligatwa: Don Ògàn ak/oswa Tisi**

Nan fòm sa a, mwen fè yon kado anatomik, ki dwe anvigè lè mwen mouri:  
(tcheke tout sa ki bon)

 Nenpòt ògàn ak/oswa tisi ki nesèsè

 Ògàn ak/oswa tisi ki endike anba la yo \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

 Limit yo \_\_\_\_\_

Si ou pa endike sa ou vle yo oswa enstwiksyon ou yo konsènan don ògàn ak/oswa tisi nan fòm sa a, yo p ap konsidere ou vle di ou pa vle fè yon don oswa ou pa vle yon moun, ki gen otorizasyon lalwa, dakò pou fè yon don sou non ou.

Siyati Ou \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

**(7) Deklarasyon Temwen** (*Temwen yo fèt pou gen laj 18 tan oswa plis, epitou yo pa kapab ajan swen sante ou oswa ajan swen sante ranplasan ou.*)

Mwen deklare mwen konnen pèsònèlman moun ki siyen dokiman sa a, epi moun sa a sanble gen tèt li dwat, epitou li aji avèk volonte li libelibè. Li te siyen (oswa li te mande yon lòt moun pou siyen pou li) dokiman sa a an prezans mwen.

Dat la \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

Non Temwen 1  
(*ekri an lèt detache*) \_\_\_\_\_ Non Temwen 2  
(*ekri an lèt detache*) \_\_\_\_\_

Siyati \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Adrès \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

